



Pou Piblikasyon Imedya: 09/29/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$3 MILYON NAN FINANSMAN POU RECHÈCH SOU KANSÈ PWOSTAT

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$3 milyon nan finansman rechèch pou kansè pwostat ke yo te bay 20 enstitisyon rechèch nan eta pou eksplòre nouvo konsèp inovè pou deteksyon kansè pwostat, dyagnostik ak tretman. Kansè pwostat rete dezyèm koz kansè ki pi komen pami gason yo nan Eta New York.

"Kalite fòm kansè sa yo afekte plizyè milye Nouyòkè chak ane e rechèch yo ki ankou rete pi bon rekou pou nou lite, trete e finalman eradike l," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Abilite etablisman rechèch premye plan New York yo pou chwazi pwòp mwayen inovè yo pou rechèch gen gwo posibilite pou plis avanse konpreyansyon nou nan maladi mòtèl sa a."

Chak benefisyè pral kounye a fè pwòp pwosedi l pou detèmine kiyès nan pwojè rechèch potansyèl yo pral finanse. Pandan pwosesis aplikasyon an, enstitisyon yo te gen obligasyon pou demontre angajman enstitisyon rechèch pou kansè pwostat, kapasite yo pou enpleman rechèch epi bay yon deskripsyon sou pwosesis chwa pwojè yo pral finanse. Gen kèk ki dekri revizyon pwopozisyon rechèch a plizyè nivo pa espesyalis yo nan domèn lan, lòt yo te dekri aplikasyon konpetitif ak pwosesis revizyon.

Komisyonè Sante Eta New York Dr. Howard Zucker te deklare, "Nou kontan pou nou wè anpil enstitisyon nan New York ki angaje nan rechèch kansè pwostat, sa ki kontinye pou l yon koz prensipal lanmò lakay gason. Nenpòt sa nou ka fè pou avanse konpreyansyon nou nan maladi konplike sa a pral ede soulaje fado a."

Prim sa yo non sèlman vize pou devlope sou istwa Eta New York kòm kay anpil dekouvèt enpòtan ki gen rapò a prevansyon ak tretman kansè, men tou pou pèmèt enstitisyon sa yo etabli yon fondasyon rechèch ki kapab louvri pwochen opòtinite finansman bò kote antite yo tankou Enstiti Nasyonal Sante oswa Depatman Defans.

Enstitisyon ki annaprè yo pral resevwa ant \$450,000 ak \$75,000 pou jiska dezan:

\$450,000 pandan yon peryòd dezan:

- Health Research, Inc. nan non Roswell Park Cancer Institute
 - Sloan Kettering Institute for Cancer Research
 - The Trustees of Columbia University in the City of New York
- \$300,000 pandan yon peryòd dezan:
- Cold Spring Harbor Laboratory
 - Yeshiva University nan non Albert Einstein College of Medicine
 - New York University School of Medicine

\$75,000 pou yon peryòd 15-mwa:

- The Research Foundation for State University of New York (SUNY) College nan Old Westbury
- The Research Foundation of City University of New York nan non Hunter College
- University of Rochester
- Narrows Institute for Biomedical Research and Education, Inc., nan non Administrasyon Veteran New York, Sistèm Swen Sante Harbor
- Weill Medical College of Cornell University
- Fondasyon Rechèch pou SUNY nan Binghamton University
- Albany Research Institute, Inc. nan non Stratton Veterans Administration Medical Center
- Hauptman-Woodward Medical Research Institute
- Riverside Research Institute
- The Research Foundation for SUNY nan non University at Albany
- The Research Foundation for SUNY Upstate Medical University
- The Research Foundation of CUNY nan non City College of New York
- The Research Foundation for SUNY nan non SUNY Downstate Medical Center
- Fordham University

Kansè Pwostat klase dezyèm apre kansè po kòm kansè ki pi komen lakay gason yo nan New York. Gen yon estimasyon 1 sou 6 gason ki pral devlope kansè pwostat pandan tout lavi yo. Maladi a parèt sitou lakay gason ki gen laj 65 ane ak pi gran.

Gason ke yo dyagnostike avèk kansè pwostat ki pa gen asirans ka kalifye pou tretman grasa Pwogram Tretman Kansè nan Eta New York. Pou jwenn plis enfòmasyon ale nan sitwèb <http://www.health.ny.gov/diseases/cancer/treatment/mctp/>.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kansè pwostat, vizite: <http://www.health.ny.gov/diseases/cancer/prostate/>

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418